



E-HANDOUT MATA KULIAH  
PAKELIRAN GAYA POKOK II

## PERTEMUAN KE-11

LAKON  
“WAHYU PURBA SEJATI”  
(Pathet Nem)

PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN  
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA

### **Keterangan:**

- **Gending Sampak, Anoman dan Werkudara dientas.**  
**Anoman terbang, Werkudara melompat.**
- **Suasana kayon, gending suwuk tamban, Pocapan.**

## **POCAPAN**

Wus méntar wau Sang Séna miwah sang Hanoman, tan lyan ‘kang cinipta hamung daya-daya prapta hunggyan ‘kang sinedya, marma ginelak lampahé. Sinigeg ingkang ndaweg lumaris, ora kaya kang anèng Astana Gadamadana, kang tansah rumeksa kayuwananing candhi, datan kendhat tansah mirengaken kandhané wong sabawa.

### **Keterangan:**

- **Gending Iadrang Kandhamanyura, tampil Jembawan menjemput datangnya Kresna, Baladewa dan Bratajaya.**
- **Gending seseg terus sirep, janturan.**

## **JANTURAN GADAMADANA**

Nenggih kang anèng Gadamadana, dumunung pucaking punthuk paranganing paredèn, kang dahat asri tiningalan, labet kawistingal ijo royo-royo kèbegan tanem tuwu kang ngrembaka subur, parandéné katingal saking mandrawa katon biru maya-maya kang sinawut jenar

mayang wilis, apan mangkono kodrating kawasa, tuhu tan bangkit kacakup déning akal budining manungsa.

Wauta ing Gadamadana nyata gawat awingit, ora sabab wingiting papan, labet ing mriku papan candhining sawarga Prabu Basudéwa, amila gawating papan kasembuh déning astana pasareyaning naréndra gung binathara. Ingkang pinatah rumeksa awon saéning Astana, satunggaling rewanda kang sampun pikun, nama kali Jembawan. Aja dupèh sipating réwanda, nyata pangrahitaning tan prabéda lawan manungsa, dhasar ing nguni agung lelabuhané marang sawarga Prabu Ramawijaya, kalané hangrebat Dèwi Sinta, mila angsal triman putri boyongan Dèwi Trijatha putra satriya ing Parangkuntara sang Gunawan Wibisana. Temah patutan sawiji sesilih Éndang Jembawati kang ing mangké kagarwa sang Prabu Kresna.

Dadya kagyating galih Sang Jembawan dupi mulat ratu gustiné Sang Prabu Kresna sesarengan raka Prabu Baladéwa miyah Dèwi Bratajaya, gupuh-gupuh dènira ngacarani mangkono pangudyasmaraning driya kang dèrèng kawijil.

**Keterangan:**

- **Gending udhar terus suwuk, Patetan Manyura Jugag, dialog.**

**JEMBAWAN:**

Sanget boten nginten menawi gusti kula katiganipun kepareng rawuh ing Gadamadana. Sinuwun, dèrèng dangu rawuh paduka, kula ngaturaken pangabekti mugi konjuk sahandhap pepada paduka.

**KRESNA:**

Hiya bapa, daktampa gawé gedhéning tyasingsun, pamujimu kang tansah dakpundhut bisoa nyembuh dirga yuswaku.

**JEMBAWAN:**

Adhuh gusti jejimat kula, jrih kang abdi andhaga dhawuh paduka, mila amung tansah sendika ing dhawuh. Semanten ugi gusti kula ing Mandura, kula ngaturaken sungkeming pangabekti.

**BALADÉWA:**

Hiya Jembawan ingsuntampa kanthi suka renaning tyasingsun; pangèstuku diagé tampanana.

**JEMBAWAN:**

Kapundhi ing mustaka dadosa jimat paripih. Gusti Bratajaya, bekti kula mugi konjuk.

**BRATAJAYA:**

Hiya bapa, daktampa gawé bungahing atiku, pamujimu kang dakjaluk bapa.

**JEMBAWAN:**

Adhuh anggèr-anggèr inggih-inggih, sokur menawi keparengipun mekaten ‘keng abdi namung ngèstokaken dhawuh. Ingkang salajengipun abdi paduka nyadhong dhawuh, rawuh paduka saketiganipun katingal sumengka pangawak bajra, bilih tanpa sangsaya miwah kepareng kawedhar ing akathah, tumunten kadhwuhna punapa keparenging galih.

**KRESNA:**

Bapa Jembawan, satemené nggonku ndhèrèkaké kaka prabu sarta ngantri Lara Ireng, kajaba sawetara ora ngadhep candhining sawargi rama prabu, pancèn

kepéngin dhedhagan ing Astana kéné, mula sadurungé jenengingsun rawuh wis utusan mulyakaké lan mulihaké wewangunan kang sajaké rinasa kurang prayoga. Titi mangsa iki wis cocok lan karsaningsun, beciké wewangunan ora kandheg ing Astana iki, bisoa warata ing sakepenge, ingkang mangkono gawé jenak kang sarta tentreming penggalih samangsa amiwiti dhedhagan ing candhining rama prabu.

**JEMBAWAN:**

Lajeng punapa ingkang kedah kula cawisaken, kinarya anjangkepi tata caraning sesaji?

**KRESNA:**

Pangiraku kabèh wus dak samektakaké saka praja, aja nganti gawé aboting rasamu, mung pawelingku aja nganti ana pawongan kang bisa mlebu ing Astana yèn ora dadi keparengingsun.

**JEMBAWAN:**

Inggih sinuwun sendika ngèstokaken dhawuh.

## **KRESNA:**

Mangga kaka prabu kuladhèrèkaken, semono uga kowé Bratajaya aja nganti kéri ayo dakkantih.

### **Keterangan:**

- **Gending ayak-ayak, Kresna, Baladewa dan Laraireng** dientas kekanan. Jembawan dientas kekiri.
- **Suasana kayon, tampil Premadi dan Panakawan.**
- **Gending sirep, dialog.**

## **SEMAR:**

Ééééé ... 'ndara, punapa sababipun déné mlebet Astana mriki boten mawi pepoyan kaliyan ingkang ngreksa?

## **PÉTRUK:**

Kersané 'ndara niku pripun, kathik kadi ngumpetaké kalih sing tengga mriki.

## **PAMADHÉ:**

Panakawan aja padha ramé, pancèn dak temaha sesidheman nggonku sowan ing candhiné 'wa Prabu Basudéwa. Awit dhawuhé éyang Wiyasa, aja nganti kawuningan déning sapa waé.

**SEMAR:**

Kejawi ta menawi mekaten keparengipun lha banjur  
Panakawan niki pripun?

**PAMADHÉ:**

Mangsa bodhoa nggommu umpetan, sing perlu aja nganti  
kadenangan sapa waé.

**BAGONG:**

Lagi tumon iki lho ..., wong nyenyuwun jebul laku  
slinthutan.

**PÉTRUK:**

Aja kakèhan rembug, aku kowé mung buntut, sirahé obèh  
mèlu obah, sirahé meneng ..., kopat-kapit dhéwé.

**BAGONG:**

Sing kojur ki yèn sirahé nyéndhok ... buntut mung kari  
kanggo dalan.

**GARÈNG:**

Éling-éling jiwamu wis kebacut nguthuh, sing dipikir mung prekara butuhé dhéwé, wis aja ramé, sing perlu ngèstokaké dhawuhé ndarané.

### **Keterangan:**

- **Gending udhar, premade tamcep digawang kanan ditutup kayon, panakawan dientas kekanan.**
- **Tampil Kresna, Baladewa dan Bratajaya.**
- **Gending sirep, dialog.**

### **KRESNA:**

Kaka prabu, kados sampun boten kuwica candhining rama prabu, malah kepara hanglangkungi ketimbang ingkang sampun.

### **BALADÉWA:**

Hiya yayi, pun kakang rumangsa lega déné wus kelakon mulyakaké candhining rama prabu, panjalukku aja mung kandheg seméné, dibudi-daya bisa ngelebih luwih becik nganti kaya bisa sumarambah sakiwa tengené, aja nganti ana sesawangan kang nguciwani.

### **KRESNA:**

Inggih kaka prabu, ingkang punika mangga tumunten kawiwitan sami andhedhagan lan kowé Bratajaya, kétang sagaduk-gaduking panemumu, sing perlu ngeningaké cipta, ing batin pasrah sumarah marang Kang Akarya Jagad, supaya kanjeng rama prabu antuk nugrahaning Gusti, temah swarga mulya kang tinampa.

## **BRATAJAYA:**

Hiya kakang, sakadaring laku sagaduking panemu nedya dak tindakaké.

### **Keterangan:**

- **Ada-ada Srambahan, suasana kayon, pocapan.**

## **POCAPAN**

Wauta, kocap naréndra kalih miwah Dèwi Bratajaya wus miwiti mangsah semèdi maladi hening, sakala sedhakep saluku juga, nutupi babahan hawa sanga sinartan ngeningaken pancadriya, anyawang pucuking grana kusika, linantik manjing lebu wetuné kang bajra hérawana. Pineper mungkaring kang hawa napsu sawiji lenging cipta muhung pasrah sumarah marang purbaning Kawasa. Éling-éling naréndra kekalih tuhu datan kirang

pangawikan, dhasar jejeg kéblating penembah tekun pangidhepé mring kang Maha Tunggal, sinurung wantering yoga brata, marma sakedhaping tingal wus bangkit tetunggalan lawan kajatené, kadya saloka manunggalé kawula Gusti. Tuhu wus datan kasamaran, marma akarya getering triloka, hamarengi pangéjawantahé sang Regawa, Rekyan Sinta, Ian Lesmana. Samana wus mangsa kala dènira ngupaya panitisan. Dupi wus waspaos kang mungging dirgantara, saksana sang Regawa manjing Sri Kresna, Sinta manjanma marang Bratajaya, déné sang Lesmana pecah dados kalih, wadhagé kang kadunungan wadat manjing Sang Baladéwa, déné kang sejati manuksma mring Risang Pamadhé. Pungkasan cundhuk lawan prasetyané Sang Hyang Bathara Basuki nedya manjanma Prabu Baladéwa. Apan kabèh iku kang sinebat Wahyu Purba Sejati, mawèh prebawa sumunar hanelahi gumebyar pindha kilat thathit obai-abir, sinartan swara jumeglug ngumandhang ing antariksa, saksana manjing mring kang sami dhedhagan.

### Keterangan:

- Gending Sampak, Rama menyatu kresna, Lesmana menyatu Premadi+Bambang Jangkah (wadhag) menyatu Baladewa dan Sinta menyatu Laraireng. Gending seseg, Baladewa dan Kresna ulap-ulapan, gending suwuk, Ada-ada Jugag, dialog.

### **KRESNA:**

Kaka prabu uninga menapa

### **BALADÉWA:**

Pun kakang uninga ana ndaru tetarungan, nanging teka banjur ilang tanpa karana, mangkono kuwi piyé yayi ...?

### **BRATAJAYA:**

Kakang, rumangsakau kaya ora turu, nanging jebul ngimpi ketiban rembulan, malah mau ana péanganing rembulan kang tiba caket ing candhining rama prabu kakang.

### **KRESNA:**

Kaka prabu, menawi boten lepat panginten kula, wahyu sampun tumurun. Déné wahyu punika, wangsit ingkang kula tampi Purba kang dumados sapéranganing wahyu saged kula tampi, déné kaka prabu saged nampi wahyu

wadat, Lara Ireng dados sasananing sang Sri Widowati kang kasarira Rekyan Sinta. Purba boten sanès dumados saking palenggahanipun sang Hyang Wisnu ingkang pengawak Sri Ramawijaya. Mangka ingkang paduka tampi, kasantosaning Radèn Lesmana ingkang sampun kepareng wadat, dados cethanipun wadat sampun nitis paduka kakang prabu.

### **BALADÉWA:**

Wéeee... hla kojur, lha kok wadat sing taktampa kuwi 'njur piyé surasané?

### **KRESNA:**

Wiwit titi mangsa punika kaka prabu kedah boten kénging nindakaken kridhaning priya wanodya.

### **BALADÉWA:**

Wé hla ... banjur mbakyumu piyé? Ah ... mbok mau ora susah kanggonan wahyu waé, nèk mung wahyu wadat ... ah ... kojur ané ...

### **KRESNA:**

Kaka prabu, sampun ngantos nglokro, èstonipun inggih taksih kénging, nanging ngemungna kakang mbok ratu Erawati kémawon.

**BALADÉWA:**

Ooooooo ... ngono ta .., dadi isih kena ...

**KRESNA:**

Malah kaka prabu maksih wonten tambahipun, inggih punika Sang Gyang Basuki sampun kepareng manjanma paduka kaka prabu dadosa tambahing kasantosan.

**BALADÉWA:**

Ya, sokur bagé sèwu manawa ana pamaremé, ora kétang mung sawetara. Miturut pétungku teka ana sing kliwatan, purba wus tumurun, banjur sejatine kok durung didhawuhaké?

**KRESNA:**

Sajakipun kok wonten sanak ingkang boten prasaja.

**BALADÉWA:**

Sapa kang wani colong laku ana kéné, konangan Baladéwa dadi kwandha.

**KRESNA:**

Dèrèng kantenan menawi kaka prabu mentala. Cobi kula aturi mriksani.

**Keterangan:**

Gending Sampak, Baladewa memegang Kayon dibuang tampil Premadi. Gending seseg terus suwuk, dialog.

**KRESNA:**

Mangga kaka prabu, inggih punika tiyang ingkang kulina apus-apus.

**BALADÉWA:**

Éééééé Iho ..., Iha kok jebul dhimas Premadi ta iki mau..

**PAMADHÉ:**

Inggih kaka prabu, nyuwun gunging pangaksama déné ‘ri paduka boten atur uninga sadérèngipun.

**KRESNA:**

Ora dadi ngapa, nanging bésuk manèh aja kokpindho, wong kok senengé ngapusi, rumangsaku wis tak dhawuhaké aja nganti ana pawongan kang bisa mlebu ing astana iki, lha kok jebul dhimas malah wis ana kono.

### **BALADÉWA:**

Mula Lara Ireng mau ngudarasa, yèn sapéranganing rembulan tiba sacedhaké candhining rama prabu, yèn ngono apa yayi Premadi uga antuk wahyu?

### **KRESNA:**

Inggih kaka prabu, kalawau sampun kula aturaken, bilih wahyu sejati pancèn dhimas Premadi ingkang kepareng mundhi.

### **BALADÉWA:**

Ooooo ... sokur yayi, déné ora jeneng tiba ing liyan. Banjur kancamu sapa?

### **PAMADHÉ:**

Panakawan sadaya ndhèrèk dumugi mriki, kula purih umpetan sampun ngantos kauningan ing akathah. Panakawan, padha mrénéya, iki jeneng wis rampung.

**Keterangan:**

- Panakawan tampil satu persatu sambil dialog.

**KRESNA:**

Lha kok iki kaya kakang Semar.

**SEMAR:**

Ééééé ... boten mung kaya, nggih niki Semaré tenan.

**GARÈNG:**

Malah jaré sampun remen menawi lestari semaré wonten mriki.

**PÉTRUK:**

Nèk ngono bapakmu arep kokpatèkké saik .i..

**BAGONG:**

Kang Garèng kuwi rak selak mélik tinggalané. Mangka kakèkné Semar ki ora duwé apa-apa, mung gupon dara bubrah waé tilas beloké wong édan, sing diméliki rak

kuwi, samangsa-mangsa kang Garèng kumat, wis ana beloké.

### **KRESNA:**

Kaka prabu, Bratajaya, lan dhimas Premadi, ingkang perlu mangga sesareangan muji sokur mring Gusti Kang Maha Kuwasa déné sampun dipun udanèni gegayuhanipun. Namung kedah ingkang sami prayitna, jer sadaya kabingahan lan kabahagyan, temtu wonten sandhungipun, mila kedah tansah ngatos-atos sampun pegat ing kaprayitnan.

### **Keterangan:**

- **Ada-ada Srambahan Dasakumara tampil dengan kayon di Angkasa, sambil dialog.**